



SONJE: Nou ka voye lòt enfòmasyon sou pwomnad ansanm ak fòm sa a dapre sikonstans inik pou yon pwomnad anpatikilye. Tout lòt chanjman egzijje konsantman Biwo sèvis legal.

AVI/FÒM KONSANTMAN POU PARAN
PWOMNAD LAJOUNEN Depatman Edikasyon Vil Nouvòk (New York City Department of Education, NYCDOE)
patwone

Non: _____ Klas: _____

Lekòl (mete lòt moun k ap patwone pwomnad la si genyen): _____ Dat pwomnad la: ____/____/____

Kowòdonatè pwomnad la: _____

Kote nou prale: _____

Kote n ap derape: _____ Lè n ap derape: _____

Kote n ap retounen: _____ Lè n ap retounen: _____

Mwayen Transpò: _____

Objektif pwomnad la: _____

Abiman/ekipman espesifik ki obligatwa pou pwomnad sa a: _____

Pwomnad sa a gen ladan aktivite fizik ak espòtif sa yo (paegzanp naje, monte cheval, patine sou glas, fè eski, monte nan bato): _____

a) Mwen konprann gen risk domaj ki mache avèk aktivite fizik ak espò nou pale pi wo a epi mwen dakò pou pitit mwen an patisipe nan tout aktivite sa yo eksepte nan sa yo:

b) Tanpri fè konnen pi ba a tout pwoblèm medikal tanporè oswa pèmanan oswa lòt kondisyon, ladan dyèt espesyal ak bezwen medikaman, oswa bezwen èd pou wè ak tande, nou ta dwe konnen konsènan pitit ou a:

c) Mwen dakò pou manm estaf ki responsab pwomnad la aji nan plas mwen, epi pou mwen peye frè yo pou yo bay pitit mwen an swen medikal, nan ka ijans si li ta pran chòk oswa si l ta malad.

d) Mwen konnen nou atann pou pitit mwen an byen konpòte l epi pou l suiv kòd disiplin ak règleman lekòl la.

e) Mwen dakò epi mwen konprann mwen responsab pou zak pitit mwen an. Mwen pa bay lekòl la okenn responsablite ak reklamasyon ki ta rive akòz pwomnad la, eksepte si sa rive akòz neglijan responsab lekòl

la.

- f) Mwen konprann mwen responsab pou m depoze pitit mwen nan lokal kote y ap derape a, ak pase pran l nan lokal kote y ap mete l apre a, jan yo di sa pi wo a. Mwen konnen gen yon manm estaf la k ap akonpaye pitit mwen an lè li prale kote y ap derape a pou ale kote yo prale a, ak lè y ap retounen.
- g) Mwen konprann yo entèdi bwason ki gen alkòl ak/oswa dwòg epi mwen diskite sa avèk pitit mwen an. Mwen konprann si yo jwenn pitit mwen an gen bagay sa yo, lekòl la ap pran mezi disiplin kont li, epi li posib pou yo pou yo pouswiv li pou krim.
- h) Mwen konprann ke lekòl la ka entèdi elèv ki vyole kòd disiplin lekòl la patisipe nan yon pwomnad alavni.
- i) Nan ka ijans, nou ka kontakte m nan:

Lajounen: (___) _____ Aswè: (___) _____

Lòt kontak: Non: _____

Lajounen: (___) _____ Aswè: (___) _____

- j) Mwen bay pitit mwen an otorizasyon pou patisipe nan pwomnad lekòl sa a.

(Siyati Paran/Responsab)

(Dat)

DEKLARASYON ELÈV LA

(pou elèv lekòl presegondè ak segondè siyen)

Mwen li fòm sa a epi mwen konnen ke mwen sipoze konpòte m nan pwomnad sa a menm jan yo atann pou mwen konpòte m nan lekòl la.

(Siyati elèv la)

(Dat)